Сытым хуэдами сэ си гъащIэр, Зы махуэ си псэм себлэжакъым

Нобэ ди лъахэм щагъэлъапIэ Къэбэрдей-Балъкъарым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим ильэс 95-рэ зэрырикъур

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№135 (21.543) ● 2009 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 9-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Вагъуэ махуэ

Фи кIуанщагъи фи захуагъи, –
Фи бэлыкьхэр сигу дэхуащ.
Сэрщ зи вагъуэ имыкIнур –
Сыкьэт махуэм кIыдалъкуар.

Хэти хуиткэ мигуэавэу
Гъуэгу щыфIэфIым щыкIыщ?
ФIыр щагуэшкIэ угуакIэ –
КIыплтымысу ягуэшынщ.

Сэ Кавказым и кIуэ пасэу
Нэхуц щухэм сахэтащ.
Пшэ адрыщIым сынэсауэт
Щыблэ уэнур щыетар.

Сэ Щыкулъагъуэр си бгъэрыщIэу
Гъуэгур скIуну си гугъащ.
Лъэрыгъыпсыр щыэпычыж –
Си жагъуэгъуэм ягу зэгъащ.

Ягъэм итым лъагъуэ хещи,
И шыр жэрми щIымыкъэн.
Си мурадыр кIыдэфIэтым,
Си гум итыр фигу ислкьэнт.

Бэлыкь дапщэ сыкэтами,
ГуфIэгъуэшкуэц кIыкъуикуар.
Сэрщ зи вагъуэр имыкIнур –
Сыкьэт махуэм кIыдалъкуар.

* * *

Дунэйм имыIэ кIеГъжьапIэ,
И кIэм итIэни кIамылъкун,
Зы гъуэгу техьажэр зэмызэгъми,
Зым и лъэужьыр зым ихунщ.

Дуухуэ гъащIэр депIэщIэжIыу,
Iэдакъэм щIэкIыр гум пымыкI.
Гум ить мурадыр кIыдэжьулIэм,
Ди цIыкIуи ини щгъуфIыкI.

Мытъахышэу дощIыр ди унэшхуэр,
Зэпетми дапщэу, пхузмыбжьи.
Пшэ адрыщIым лъэIэсами,
ТфIэмыфI унэщIэм кIехьыжи.

Дэ щIыр тфIэдахэщ – удехьэжьр,
ФIым хуащI лъэмыкри ди гунэсщ.
Ди псы IуфитIыр зэлтэIэсым,
ИкIынщ кIэмынэу ди зы лъэс.

Сытепщ унашкьэм, унэ зыщIым
Яхэзмыгъагъуэ лъэрымыжь.
Щыгъэ фхуэсщIыну вагъуэр соблэ.
Нэхъ пIащэ жысIэу сыкоплъыжь.

Iэдакъэм щIэкIырщ дызыIэтыр,
Мурадыр дахэм, пIэщIэхун?
Дунэйм имыIэ кIеГъжьапIэ.
И кIэм итIэни кIамылъкун.

* * *

МахуитI зэхуэдэу кIыдмыгъащIэ,
Мэзышхуэм щIэту жыгхэм хуэдэщ.
И ныкъуэр носыр уафэ лъащIэм,
И ныкъуэр цIыкIухэщ – уэ яхэдэ.
Жыг кIуанщэбынщэци, хыбольагъуэ.

Сэ кIеЗгъащIахэм сахоплъэри –
Зэрызэмыщкьыр нэрыгъагъкьэ,
Яхэти махуэ сэ згъэфIэжу,
БлэкIам и ныкъуэр я ныбжьэгъукIэ,
ТIэкIу зауэм махуэр кIилыгъауэ.

Яхэпщ сэ вакIуэ сыщкIуари,
Жьлагъкъэу сыпхр сэ дэсшами,
Сольагъу бэлыкьу щыгъэткIуари,
ГуфIэгъуэ дахэ сэ згъэшами,
Си ужь кIиуэзм тынщу ящIэ.
Сыпм хуэдами сэ си гъащIэр,
Зы махуэ си псэм себлэжакъым.

ФIы гуэр Iэдакъэм щIэзгъэкIалъэм –
Ар жысIэу слъэкIи кIеЗгъэнакъым.
Гъэзэщкуэ техьэм садэкIуалъэм,
И ужь сыздежьэм сыкIинакъым.

Ябгащ си дежкIэ си жагъуэгъур,
Зэпачт мычэму плъэрыгъыпсыр.
Зэ сигу ебгъами хуэзгъагъур,
КъагурыIуахэм Iейр зищIысыр.
Сэ зыми и гур изудакъым,
Е цIыкум я гуи сэ сиуакъым.

КIЫЩОКЪУЭ Алим.



КIыщокъуэ Алим. *1964 гъэ*

Алимрэ Къардэнгъущ Зырамыкурэ. *1979 гъэ*



Алим къиIуэтэжын и куэдщ. Абы йодаIуэ усакIуэ КIэщт Мухьэз, критик Сокъур Мусэрбий, тхакIуэ Мэзыхьэ Борис сыпэ.

ПсыкIэху, 1979 гъэ

ЩIэджыкIакIуэхэм гу зылъатапхъэ

Нобэрей къыдэкIыгъуэм тет тхыгъэхэм я нэхъыбэр теухуащ зи тхыгъэрэ зи Iуэхущафэкlэ ди къэралым и мызакъуэу, дунейм и изгъэущIыпалъэ куэдми щIэрыIуэ щыхъуа, Къэбэрдей-Балъкъарым и цIыхубэ усакIуэ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща ди лъэпкъэгъу щэджащэ КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэм. Мы къыдэкIыгъуэм щыгъуэ КIыщокъуэм и гъащIэм, и творчествэм теухуа, напэкIэущI 16 хъу гуэдзэн щхьэхун.

Хьэшыр Чылар и лIыгъэ

● ТхылъыщIэ

Тхылъэх щIэрыIуэ, ЩIДАА-м и академик, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъарми щIыхь зиI я дэжьакIуэ Думэн Хьэсэн и гъыдыщIэ дуейм кIыхьеIащ Iуащхьэмахуэ яп1э дыдэ дэкIа адыгэлI хахуэ Хьэшыр Чылар зэрихьа лIыгъэр илъэсищэрэ пщIейрэ щрикъум ирихьэлIэу.

ТХЫЛЪЫМIупщIу кIыщыгъэлъэгъуащ 1829 гъэм Iуащхьэмахуэ дэкIыну зызыгъэхьэзыра, генерал Эмануэль зи пашэ экспедицэм хэта щIэныгъэлIхэр, сэлэтхэр, абы-хэм яIэщIэлъа хьэпшыпхэр, якIуа гъуэгуанэхэр, яхуэзфIэкIахэр, яхуэзфIэмыкIахэр. Думэным кьегъэнаIуэ Хьэшырыр Брамтэ (Вольнэ Аул) кIуэжьэм зэрыщыщыр, абы и гъащIэм пыщIа архив дэфтэрхэр, тхыгъэ, суурэт зэмылIужьыгъуэхэр, экспедицэм хэтахэм я гукъэкIыжхэр.

Тхылъ пIащэм, напэкIуэцI щищым щIигъуи, и редакторыр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, тхакIуэ, журналист ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

Насып зэхэгъэкIыпIэ

● ЩIэныгъэ

Республикэм щIэныгъэ нахъыщхьэ щрат, Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт и еджапIэхэм мы зэманым кIыIах абыхэм щIэтIысхьэну хуей ныбжьыщIэхэм я тхылъхэр.

ЗЫУЭ ЩЫТ къэрал экзаменхэм я фIыгъэкIэ иджы абыхэм Iэмал яIэщ еджапIэ е факультет зыбжанэм зэуэ я тхылъхэр иратыну. Псори зэлъытыжар экзаменхэм кIыщахьа балл бжыгъэрщи, хэт ищIэрэ я насып кIыщикIынур дэнэмри?! Пэжыр жыпIэмэ, насып зэхэгъэкIыпIэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зы цIыхум и пIэм 20 щыгугъыу зэпеуэшхуэхэр щокIуэкI еджапIэ нэхъыщхьэхэм.

Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым бадзэуэгъуэм и 25 хъуху зэрыщIэтIысхьэ тхылъхэр щыIахынуц. Мы зэманым къриубыдэу, шэч хэмылъу, нэхъыбэм я тхылъхэр ятащ. Апхуэдэу, къапщтэмэ, факультет закъуэтIакъуэ фIэкIа къэмынэу, адрейхэм къащтэну цIыху бжыгъэм фIыуэ щIигъуащ тхылъ къатар. Нэхъыбэ дыдэ зыщIэтIысхьэну хуейхэм ящыщщ «Управление качеством» къудамэр. Псори зэхэту абы къащтэнур цIыху 25-рэщ, зи тхылъхэр а къудамэм езытахэр 452-рэ мэхъу. Адэкlэ зи рейтингыр нэхъ лъагэ къудамэхэм хохьэ ПГС-р, «Прикладная математика и информатика», «Налоги и налогообложение», «Бухгалтерский учет, анализ и аудит», «Менеджмент организации» жыхуиIэхэр.

ЩХЪЭЩЭМЫЩI Иэ.

Парламентыр зэбграуIыпщкIыж

Японием и парламентым и лIыгъэжьэ палатэр зэбграуIыпщыкIыжащ. Депутатхэм я хьыбарыр Iэрагъэхьа нэужь, унафэм Iэ щIидзащ къэралым и пащтыхь Акихитэ.

Илъэжьыр палатэм и зи чэзу зэIущIэм унафэм къащыхуеджа нэужь, пащтыхьым абы Iэ щIидзынми пэмыплъэжу, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм Iуэхур зыIутым цIыхухэр щыгъуазэ ящIащ. Иджы, илъэжьыр палатэм лэжьэн щыщIагъэта махуэм щегъэжьауэ, а къэралым кIыщIэзIуах хэхьонытIэ кампаниер. Парламентым хахьи хуейр депутат 480-рэщи, нобэ кандидатхэр 1230-рэ мэхъу. А бжыгъэм иджыри хэхъуэну хуэгъэфащэ. А хэхьонытIэхэр екIуэкIын хуейщ мы гъэм щыщхьэIум и 30-м. Абы нобэ властыр зыIыгъ либерал-демократ партыр щытемыкIуэну экспертхэм къальытэ. Ар пэжу кIыщIэкIрэ, демократ партыр хэхьонытIэхэм яп1э щищмэ, къэралым и премьер-министр кIулыкъур лIысынущ абы и унафэщI Хатоямэ Юкио.

ЩIэныгъэлIхэм хагъэхьуэн папщIэ

США-м и Президент Обамэ Барак къельытэ щIэныгъэлIу щыпсэухэм я бжыгъэкIэ 2020 гъэ хьуху я къэралыр дуней псом яп1э щищын хуейр.

Абы папщIэ техникэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм цIыху нэхъыбэ кIуэн хуэдэу Iуэхухэр кIыхьэрагъэпэщынущ.

- ЩIэныгъэм зегъэубгъуэнымкIэ ди къэралым мыхьэнэщхуэ НАСА-м щегъэзащIэ. Президент кIулыкъум сыпэрытыху, сэ си кIалэнщ математикэм, щIэныгъэм и адрей къудамэхэм къэралым щыхуащI гулыитэм хэзгъэхьуэну, 2020 гъэм ирихьэлIу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрыгъэгъуэтахэм я бжыгъэкIэ дуней псом яп1э дыщищын хуейщ, - жиIащ Обамэ, НАСА-м и унафэщIхэмрэ «Апполон-П» хьэрш кхъухьлъатэм и космонавтхэмрэ щаIуащам.

Гугъэм хощI

США-м и «General Motors» автоконцерным хьыбар кIыхьэритамкIэ, абы Европэм щиIа «Adam Opel» къудамэр ящэхуну тхылъ кьатащ «Magna» автомобиль пкIыгъуэхэр къыщIэзыгъэкI Австриемрэ Канадэмрэ я консорциумым. Сбербанкым, Бельгием и «RHJ International» инвестицэ компанием, Китайм и «BAIC» автопре дприятэм.

«Adam Opel» къудамэр зыщэхуну хуейхэм я тхылъхэр Iыхьи Америкэм и IэхъущапIэм щигъэтащ. Ар зращэнум и унафэр нобэ-пщэдей кьащтэн хуейщ. Щэхуакlуэр кIыщихахкIэ кьалъытэнущ правительствэр зыдимыгъэIэпыкьуу езым и мылькукIэ «Opel» Iуэхущапlэм и лэжьыгъэр нэхъ зэтезыгъэувэжьфынур дэтхэнэрами. Абы кIыхьэкIыу, Австрие-Канадэ консорциумымрэ Сбербанкымрэ зэгуэхьэу, акцэхэм я процент 27,5-р кьащхун я гугъэщ. Нэхъапэ1уэкIэ Сбербанкыр гугъэу щытат и закъуэ акцэхэм я процент 35-р зыIэригъэхьэну.

НОБЭ

◆ Ипщэ-КъуэкIыпIэ Азиеми Хы Щэхум и хьтIыгухэми щIипIъагъунущ дыгъэр зэрыщыту зэрыкъуильафэр.

◆ Илъэси 180-рэ и пэкIэ Къэбэрдейм щыщ адыгэлI **Хьэшыр Чылар** яп1э Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIуеящ. Ар 1797 гъэм кьальхуащ, дунейм щехьжар наIуэкъым.

◆ 1945 гъэм ди республикэм щакIуэ хозяйствэ кIыщыIэзрагъэпэщащ.

◆ 1954 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ШынагъуэншагъэмкIэ и Къэрал Комитетыр кIыIэзрагъэпэщащ.

◆ **Дыгъэр кIыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 44-м, къухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 41-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 57-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зэрифщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ: Жьы хъуар гумахэщ.

Маньчжурием нэс

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуап къалэ администрацэм и унафэщI Черниченкэ Михаил зи пашэ лIыкIуэ гуп Китайм и Маньчжуриемрэ щIынагъуэм иджыблагъэ щыкIуащIащ.***

КЪАЛЭ администрацэм и пресс-IуэхущапIэм къыззритамкIэ, лIыкIуэхэр хэтащ щIэныгъэмрэ иджырей техникэхэмкIэ екIуэкIа урысей-китай-монгол гъэлъэгъуэныгъэм. Абы Мейкъуапэрэ Маньчжуриемрэ зэныбжьэгъугъэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ.

Медведев Дмитрий къохъуэхъу

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Адыгейм и лIыщхьэ Тхьэкlуэшынэ Аслъэнджэрий къыщалъхуа махуэмкIэ иджыблагъэ къекIуэкIуащ.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий ТхьэкIуэшынэм фIыщIэ кIыхуищIащ Адыгейм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, щIынатIэм и къжIэнум пэ хьэлэмкIэ зэрыбгъэдэтым. Зэрытелажьэм папшIэ.

Шыгъажэм ирагъэблагъэ

АБХЪАЗ. ***Урысей Федерацэм и Президентым и саугъэтыр къэхъыным теухуауэ иджыблагъэ Москва щекIуэкIа шыгъажэм ирагъэблагъэщ Абхъазымрэ Осетие Ингушымрэ я лIыщхьэхэр.***

БЭГЪЭПЩ Сергейрэ Кокойты Эдуардрэ я гъусэу шыгъажэм щыIащ СНГ-м хыхьэ къэралхэм я унафэщIхэр, Туркменистанымрэ Украинэмрэ яйхэм къищынэмыщIа.

Пенсэ ахъшэр къабжьыж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Пенсэ фондым иджыблагъэ кьиджыжащ ззжьыгъэкIэ пенсэ кIуэхэмрэ ныкъуэдыкъуагъэкIэ ар зыхуагъэувэжьмрэ я ахъшэр, икIи бадзэуэгъуэм щыщIэдзауэ хэхьуауэ ар щыхуэ мини 7-м иратынущ.***

ПЕНСЭР зэрыхагъэхъуэнур цIыхур щылэжьа Iэнатlэм и лъэужьыгъуэм щхьэкIэ страховой взносу хигъэкIам и куэдагъым епхащ. Абы елытатуэ улахуэ нэхъыбэ къэзыхуу щытам и пенсэр нэхъыбэ хуащIынущ, икIи ику иту ар сомэ 160-кIэ республикэм щыхэхъуэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

● Гъуэгу къежьапIэ

Япэ лъэбакъуэр

Щалэгъуалэ правительствэм еч

Ди газетым зэрыгетащи, Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и Щалэгъуалэ правительствэм хэтхэмэ я япэ зэпэщIэр иджыбгъэ зэхэтащ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛIАГЪ КЪБР-м и Парламентым и Т хьэмадэ **Чеченов Ануар**, Правительствэм и УнафэщIым я япэ кIэдэщ **Тхьэзэплъыж Мурат**, хьыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныр щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ министр **Пащты Борис**, республикэм и Президентым и АдминистрацIэм и унафэщIым и кIуэдзэ **Власов Александр** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Щалэгъуалэ правительствэм хэтхэм ехьэухьэри, Кьанокъуэ Арсен екъуэдыгъэ щIалэ мы Iуэхум мыхьэнэщхъэ зэрыратыр, абы фэрыщIагъэ гуэри зэрэхьэмылъыр.

- Зи тхьылъхэр къэзыта цIыху 77-м ящыщу 15-р зэпеуэм пхыIащ, ауэ иджыри кIылыкъуищ унафэщIынщэу щыIэщ. Аха рызышнагъэр хуэмэныбмкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъэзуэгу хэя йстIвэмкIэ, тарифхэмкIэ министр Iэнатlэхэрщ. А къуныкъуэр зыхуэфащэхэри мыгувэу кыхахыну дыщогуфъ, - жIаIащ Президентым. - Нэхьапэм кадрхэр гъэхьэзырыным гулыбтэщхэу хуащу щытащ. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр егупгу у кыхахыр, жэу ащIынныгъэ зыпылъ къалэнхэр дзыхь хуащIыр ирагъаджэрт, Iэнатlэм, къэрал Iуэху зехьэкIэм кIэлъыгъэлIыр т, кIуэу хагъэгъуэдзэрт. Зэкъошхыхьхэ Iэщlыб хъ уа а Iуэхугъуэфыр нобэ кьыдэдмыхьжу хъунукъым. Дэ дыхуейщ къэрал влъстым и органхэм щIлэжьэфыну цIыху губзыгъэхэм, хьэрычэтыщIэ лъэщхэм, зыужьныгъэм и лъэныкъуэ псоми тещIыхьа политикэр жыджэру пхызыгъэкIыфынухэм, А мурадыр зэдгъэзэжыгъу, зэкIэлъыкIуэ зэдгъэзэхъулIэн папщIэ ди щIалэгъуалэм унэтIныныгъэ кудэхэмкIэ дадэлэжьэнщ. Кызыздгъэпэща ЩIалэгъуалэ правительствэр абыкIэ япэ лъэбакъуэ къызолъытэ. Ар чэнджэщакIуэ орган Президентым дежь щыIэнщ.

Президентым кызэрыгъэльэгъуэмкIэ, кыхаха гупыр КЪБР-м и Правительствэм и зэIущIэхэм хэтынущ, министерствэхэм я лэжьакIэм кIэлъыплъынущ, зэфIагъэкIкъалэнхэр зыхуэдэм хагъэгъуэзэнущ. Абыхэм кьыщыхалъхьэ Iуэхугъуэхэр щызэпIыкъыхьам кьыгетеувыщ. Апхуэдэщ щIалэгъуалэр жылагъуэм и социальнэ, экономикэ, политикэ, щэнхабээ гъащIэм хэщIэныкIэ щытыкIэ тэмэм кьызэгъэпэщынкIэ, республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и программэхэр, щIалэгъуалэ Iуэхуэхэм техуэда правовой анг эмылIэужьныгъуэхэр щагъэхьэзыркIэ икIи щагъэзащIэкIэ абыхэм хэтынкIэ, правительствэм кьыпэщIыт щIалэнхэр щызэфIахкIэ ахэр кьыщыгъэсэпэныкIэ, нэгъуэщIхэри.

- Псори зэлъытыкIар фэрращ. ЗэфIэкI фиIэу, кьэкIуэкI Iуэхуэм кууэ хэфщыкIыну, ахэр губзыгъэу зэпкърыкфыкIу зыкъзэвгъэльагъуэмэ, кьулыкъукIэ фыдгъэкIуэтэнущ, дывдэIэпкъынущ, лэжьыгъэм, фытедгъэгушхэнущ. КЪБР-м и Президентым и АдминистрацIэм, Правительствэм, Хьэрбегъащ IэнатlэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныр щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ министерствэм фи зыужьыкIэм я нэIэ тригъэзытынущ, фызыкуей псоми абыхэм я деж фыщыщIэупщIэ хъунущ. ФымыукIытэу зыкьыктхузэгъаззэ, зыри фыдгъэщIэхъунукъым, - кьыхигъащIэщ республикэм и унафэщIым.

КЪБР-м и Президентым и АдминистрацIэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Власов Александр зэхуэсахэм яхуиIэуэтащ ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэр кьыщэрыхьаха Iэмалхэмэ абы и зэхэлъыкIэр зэраубыхуа щыIэжьэ.

- Зэпеуэр Iыхьитlу зэщхьэщыхуэу едгъэкIуэкIащ, - жIаIащ Власовым. - Абы хэтащ зи ныбжьыр ильэс 25-м фIэмыкIа ныбжьыщIэрэ щIалэгъуалэу 77-рэ. Ятlэм 40 щIэпхыкIатIи, иужьыб абыхэм ящыщу 15 кьыхэтхыжащ. ЩIалэгъуалэ правительствэм и Унафэщ**IУ Щокьарэ Залинэ**, абы и кьуэдзэхэу **Шестиубалев Сергейрэ Джапчиевэ Иринэрэ**дгъэуващ. Правительствэм «ЩIыкIум» хэтхэм щыщ куэдыр еджапIэ зэхуэмыдэхэм щIэсщ, зэпеуэ, конференц зэмылIэужьныгъэ зэхэм, бжьыпэр щызыбыдахэщ, адрейхэр Iэнатlэ Iутщ. Иджы кьэнэжьыр КЪБР-м и Президентым и Унафэкlэ ягъэхьэзыра положенэм тету, ахэр я кьалэнэм пэрыхьэныгъ. ЩIалэгъуалэ правительствэм екъуэдзэныгъэ иIэну сохьэхьэу икIи мы проектыр гъэззэщIэным дяпэкIи пыщIэныкIэ абы хэтхэм я лэжьыгъэр щIэдзапIэ хьарзынэ хъуну дыщогуфъ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэм щехьэхьэхъум кьыхигъэщащ мы зэIущIэм и уаГэ я кьыдыхьуар.

- ЗэбгъэкIыгъуэ лъэхъэнэ зыфIащауэ щыт ар нэсу дгъэужнэхуащ, абы пыщIа гугъуехьхэр кьыззэнэкIыным нобэ щыхэтщ, Зэхъуэжныгъэм кьыдэущхуэ ди нобэрэ ди щIэблэм я зэхэтыкIэм фэ нэхьыфIу фесэнущ, гъащIэм кьигъэув кьалэнхэр зэфIэзыхьыну кьызыпэщытри фэрращ. ЩIалэгъуалэр пщыбгъупщхэм яджкъпсту мэздмыгъэхьэзырмэ, пщэдей хэтIэсэнущ. Аращ Президентым и жэрдэмкIэ Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм я зехьэкIэм фызхэдгъэгъуэзэну кьыщIыхэтлъхьари. Зэрыжкаlауэ, мыр а Iуэхуфым и щIэдзапIэщ, дзыхьыщхуэ кьыварагъэзар зэрырыгъэпэжынур ди фIэщ мэхьу. Фэ кьызэрымыкIуэу лэжьыгъэщхуэ кьыфпэщыIущ. Республикэм и экономикэм я зыужьныгъэ хьунэ ди, цыхухэм я пэщхэм я **управленэм органхэм фэтэр куэду зэхэт унэр капитальнэ ремонт ищIынымкIэ «Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIынымрэ дэIыгъынымкIэ Фондым и Iэхуэкlэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №185-ФЗ-м и пкъ ятlэ и Iыхьэ 8-м и пкъ ятlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм** **унафэ ещI**:

1. Псэупlэр зейхэм я зэгухьэныгъэм, псэупlэ, псэупlэ-уху ныгъэ кооперативым е нэгъуэщI потребительскэ кооператив хэхам хьэмэ мылъкур зейхэм кьыхаха фэтэр куэду зэхэт унэм и пэщхэм я управляющэ организацэм фэтэр куэду зэхэт унэр капитальнэ ремонт ищIынымкIэ «Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIынымкIэ Фондым и Iэхуэкlэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №185-ФЗ-м и пкъ ятlэ и Iыхьэ 8-м и пкъ ятlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Псэупlэр зейхэм я зэгухьэныгъэм, псэупlэ, псэупlэ-уху ныгъэ кооперативым е нэгъуэщI потребительскэ кооператив хэхам хьэмэ мылъкур зейхэм кьыхаха фэтэр куэду зэхэт унэм и пэщхэм я управляющэ организацэм фэтэр куэду зэхэт унэр капитальнэ ремонт ищIынымкIэ «Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIынымрэ дэIыгъынымкIэ Фондым и Iэхуэкlэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №185-ФЗ-м и пкъ ятlэ и Iыхьэ 8-м и пкъ ятlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Псэупlэр зейхэм я зэгухьэныгъэм, псэупlэ, псэупlэ-уху ныгъэ кооперативым е нэгъуэщI потребительскэ кооператив хэхам хьэмэ мылъкур зейхэм кьыхаха фэтэр куэду зэхэт унэм и пэщхэм я управляющэ организацэм фэтэр куэду зэхэт унэр капитальнэ ремонт ищIынымкIэ программэхэм хагъэхьа унэхэр зи IэмыщIэ иIа фэтэр куэду зэхэт унэм и пэщхэм я управляющэ организацэхэр мы Унафэм щыгъуэзэщ ящIыну.

3. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Уянаев Къ.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

Курыт Iэщlагъэ егъэгъуэтынымкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологическэ колледж» егъэджэныгъэ къэрал Iуэхущlапlэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м №190-ПП

2010 гъэ пщIондэ пэщIэдзэ, курыт Iэщlагъэ егъэгъуэтынымэ зегъэужьынымкIэ ведомствэхэм я зэдаIэ Iуэхугъуэ зэхтхэм япкъ иткIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэщlагъэ зэрырагъэгъуэт системэм кьиуб фейдэм хэгъэхьэн мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологическэ лицей» пэщIэдзэ егъэджэныгъэ къэрал Iуэхущlапlэм (адэкIэ - Лицей) и цIэр хуэужьын «Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологическэ колледж» курыт егъэджэныгъэ къэрал Iуэхущlапlэ (адэкIэ - Iуэхущlапlэ) жиIэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Унафэщым (Щхьэгъэпсо С.Хь.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныгъэщы ресурсхэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М.И.) и гурыIуэу мы Унафэм и пункт 1-р гъэзэщIэным ехьэлIа юридическэ зэфIигъэкIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.):

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Егъэджэныгъэ» Iыхьэм и «пэщIэдзэ Iэщlагъэ егъэгъуэтын» Iыхьэ кIуэдзэм и хьэкIэ колледжым текIуэдзэну мылъкур хухахынкIэ кьызэригъэпэщынт;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2010 гъэм, кьыкIэлыкIуэ илъэсхэм щызэхагъэувэкIэ колледжым и лэжьыгъэр кьызэзэгъэпэщыну мылъкур хигъэхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl къалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мазаем и 15-м къищта Унафэ №21-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м №187-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм и къэрал, муниципальнэ Iуэхущlапlэу зи школ кIуэгъуэ мыхъуа хэгъэ зэрырагъаджэ программэ нэхъыщхьэр гъэззащIэным елэжьэным зи сабийр зыгъакIуэ адэ-анэм абы щIэт пщIэм щыщ Iыхьэ хуащIыныжыным папщIэ иратыну ахъшэр зэрырат щыкIэм, 2008 гъэм мазаем и 15-м кьыдагъакIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №21-ПП-мкIэ къащтам, мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) пункт 2-м и ебланэ абзацым къару имыIэжу къэлытэн;

2) пункт 6-м мыпхуэдэу дзщIыгъун:

«6. Адэ-анэхэр (хабзэмкIэ я лIыкIуэхэр) егъэджэныгъэм и къэрал Iуэхущlапlэм, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я Iэнатlэхэм ахъшэу зыбуплъыжьынухэм хамыгъэхьэмэ Урысей Федерацэм и законодательствэм зэрыщыубзыхуам тету техьэусыхэну хуитщ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl къалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м кьыщта Унафэ №313-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м №188-ПП

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм Медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр пщIэнэнэу яхуэзэфIэгъэкIынымкIэ къэрал щэсыпIэхэр щIыналъэ программэхэр зэхэлъхьэнымрэ экономикэ лъабжьэ етынымрэ я Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм Уэнэнэщхьэ хуэунэтIынымкIэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м кьищта чэнджэщ №10407-ТГ-м хуэгъэкIуэн мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм Медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр пщIэнэнэу яхуэзэфIэгъэкIынымкIэ къэрал щэсыпIэхэр зыхуэдэнум и Iуэхукlэ 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м арэзы зытехьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №313-м кьыхалъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр хэщIэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl къалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм щIэныгъэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ «Егъэджэныгъэм и фIагъыр хэщIыпхъэмкIэ республикэпсо центр» къэрал Iуэхущlапlэм и цIэр хуэужьын и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м №189-ПП

Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и системэм и зэхэлъкIэмрэ кьиуб фейдэмрэ адэкIи егъэфIакIуэн, информационнэ базэр къэзыгъэсэбэн категорие зэмылIужьыгъуэхэм ар пэжу, тыншу яIэрыльэу зэфIэзыхьэн, егъэджэныгъэ системэм зэрыщыту, абы и Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмрэ я Iуэхущlапlэфэхэм я щытыкIэмрэ кьарикIуахэмрэ жылагъуэр зэпымыуэу щыгъэзыгъуэзэн, статистикэ информацIэр зэхуэхьэсымырэ абы елэжьыныкIэ Iэщlагъэлlэхэр гъэхьэзырын, я Iэзагъэм зэгъэхьэун мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ «Егъэджэныгъэм и фIагъыр хэщIыпхъэмкIэ республикэпсо центр» къэрал Iуэхущlапlэм и цIэр хуэужьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «Егъэджэныгъэм и мониторингымрэ статистикэмкIэ республикэпсо центр» егъэджэныгъэ къэрал Iуэхущlапlэ (адэкIэ - Iуэхущlапlэ) жиIэу.

2. Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ бжьыгъэр 27-уэ гъэувын, лэжьакIуэхэм я мазэ уплакуэ фондыр сом мин 285,5-рэ хуэгъуэ бюджет Iэнатlэм егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущlапlэхэм папщIэ кьащта инагъымрэ пIалъэмкIэ иужькIэ индексащэ ящIу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (ЩхьэгъэпсО С.Хь.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныгъэ щы ресурсхэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М.И.) гурыIуэу мы Унафэм и пункт 1-р гъэзэщIэным ехьэлIа юридическэ зэфIигъэкIын.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Егъэджэныгъэ» Iыхьэм и хьэкIэкIэ Iуэхущlапlэм текIуэдзэну мылъкур хухахынкIэ кьызэригъэпэщынт;

5. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Дышэкl М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl къалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Курыт Iэщlагъэ егъэгъуэтынымкIэ «Промышленность псынщIэмкIэ Налшык и колледж» еджапIэ къэрал Iуэхущlапlэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м №193-ПП

2010 гъэ пщIондэ пэщIэдзэ, курыт Iэщlагъэ егъэгъуэтынымэ зегъэужьынымкIэ ведомствэхэм я зэдаIэ Iуэхугъуэ зэхтхэм япкъ иткIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и еджапIэ къэрал Iуэхущlапlэм я кьызэгъэпэщыкIэмрэ тригъэкIуадэмрэ гъэтэмэмкIи мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Пэщlдзэ Iэщlагъэ егъэгъуэтынымкIэ еджапIэ къэрал Iуэхущlапlэхэу «Иджыйрей мода» Къэбэрдей-Балъкъэр профессиональнэ лицеймрэ «Профессиональнэ училищ №8»-мрэ зэхэгъэхьауэ курыт Iэщlагъэ егъэгъуэтынымкIэ «Промышленность псынщIэмкIэ Налшык и колледж» къэрал еджапIэ Iуэхущlапlэ (адэкIэ - колледж) кьызэгъэпэщын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и ведомствэ унафэм щIэту.

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыщыгъэгъуэта къэрал еджапIэ Iуэхущlапlэхэм щыхуасха мылъкум кьырубыдэу реорганизацэ кьызэгъэпэщын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (ЩхьэгъэпсО С.Хь.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныгъэ щы ресурсхэмкIэ и министерствэм и гъусэу зекIуэ хабзэм ипкъ иткIэ мыУнафэм и пункт 1-р гъэзэщIэным ехьэлIа юридическэ зэфIигъэкIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныгъэ щы ресурсхэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М.И.) екIуэкI хабзэм тету псынщIэу унафэ трищIыкIыну хуиту колледжым иригъэбыдылIэн, нэхьапэм еджапIэ къэрал Iуэхущlапlэхэу «Иджыйрей мода» Къэбэрдей-Балъкъэр профессиональнэ училищ №8»-мрэ яIэщIэльэ мылъкур.

4. Колледжым и лэжьакIуэ бжьыгъэр 134-рэ мынэхьбэу гъэувын, я лэжьапIэщ фондыр сом мин 1047,0-рэ хуэгъуэ.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.):

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «Егъэджэныгъэ» Iыхьэм и хьэкIэкIэ Iэщlагъэ егъэгъуэтын» Iыхьэ кIуэдзэм и хьэкIэкIэ щыхуасхамкIэ колледжым текIуэдзэну мылъкур кьызэригъэпэщынт;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2010 гъэм, кьыкIэлыкIуэ илъэсхэм щызэхагъэувэкIэ колледжым и лэжьыгъэр кьызэзэгъэпэщыну мылъкур хигъэхьэн.

6. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Дышэкl М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl къалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

● Гъэрэ куей

Горох щхъуантIэр Iуахыж

Джылахъстэнейм горох щхъуантIэр щыIуахыж. Мы зэманым хэтар 90 «къуанщIыну» хунэсащ икIи ар еуэжьэркIыу банкIэм ираль хьэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР жащ-махуэ ямыIэу, цIыхур сменищу зэблэкIыу йокIуэкI. Мы илъэсым я мурадщ горохыу банкI мин 750-рэ ягъэфIэIуну. Районым и мэкъумэш предприятэхэм кьалэн зыщащIыжащ сом мелуан 560-рэ и уасэ фIэIуГъэ кьыщIагъэкIынуи, абы щыщу сом мелуан 300 и уасэр Iэрэкуейм и «Консервпром» Iуэхущlапlэм и закъуэу игъэхъэзырыну и мурадщ.

Iэщlагъэлlэм зэрыжаIэмкIэ, а кьалэнр и чэзум зэфIагъэкIын папщIэ районым ерыскъыкъэкIым елэжьу ит Iэнатlэ псори сыт и лъэныкъуэкIи - техникэмкIи, Iэмэсымэхэмкlи, лэжьакIуэхэмкIи - зэщIэгъэуIуауэ Iуэхум пэрыувэн хуейщ икIи мэгугъэ я лэжьыгъэр тэмэму зэфIагъэкIыну.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Уэгьури зэран къахуэхъуркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тафэтес хозяйствэхэм хьэпIийр къежьащIэжьащIу и кIэм нагъэс. Джылахъстэнейм уэгъур хуэлъэщи, ар зэран къахуэхъу.

АУЭ «Новая Балкария» агрофирмэм и унафэщI Созаев Аллий кьыдэзыгъэльэгIэкIэ, щIым телъэжьыхьынир фIыуэ зыльагъу мэкъумэшыщIэхэр хуабэ ямылейми пользщ. Мы предприятэм хъэпIийуэ гектар 250-рэ иIэти, хэгъуэр кIэрыхуншэу кьрихьэлIащ, гектар зы мин хъу бжьыхьэ гуэдзыр кьахын яух. Абы кьыдэкIуэу кьрехьэлIэж гектар 300-м щыхиса рапсри. Губгъуэм ит комбайнхэм я ужь иту мэлажьэ ыхьэзэр зэтIуэнIыхьэ агрегатхэр.

Iуэхущlапlэм лъэныкъуэ куэдкIэ и лэжьакIуэхэм зацIегъакъуэ: фIыуэ лажьэхэм ахъшэ саугъэтхэр ярет, машинэ псынщIэ къэзыщэхунухэм ядоIэпыкъу, кьрахьэлIэж гъавэхэкIэхэм я Iыхьэ хагъэкI. Мы зэманым «Новая Балкария»-м и комбайну 7 губгъуэм итщи, Iуэхур езыхэм я техникэкIэ зэфIагъэкIыфынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щэнхабзэ

Сыт хуэдэ къэрал лэжьыгъэкIэ мыкIуами, Къэбэрдей щIынальэм къагъэзэж режиссер щэджащэ Темыркъан Юрэрэ тхакIуэ, кинорежиссер цIэрыIуэ Къандур Мухьэднирэ.

● КЪБР-м щыIэ МВД-м

Зы унагъуи лъремыIэс

Щэбэт кIуам кьызэIуахащ УФ-м и МВД-м и Къэрал Iуэхущlапlэу ЮФО-м щыIэм экстремизмэм ебэныныкIэ и центрым и лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ. Абы хэтащ милицэм и генерал-лейтенантхэу Урысей МВД-м Экстремизмэм ебэныныкIэ и департаментым и унафэщI КIуэкIуэ Юрийрэ къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ Томчак Юрийрэ.

АПХ УЭДЭУ зэIущIэм ирагъэблэгъат хэкIуэдэ милицонерхэм я лэжьэгъуэхэр, Iыхьылхэмрэ благъэхэмрэ. Абыхэм защIыхуигъэзэм, КIуэкIуэ Юрий УФ-м и МВД-м и унафэщIэм я щIэкIэ, арэмэм и Генерал Гаралиев Расул кьыбгъэзэрыкIыу яжриIащ сыт щыгъуи зэрязыщIагъэкьуэнур.

- Дэ зэи тщыгъупщэнукъым ди ныбжьэгъуэхэр, - кьыкигъэщащ абы, - нэхъ льапIэ дыдэр - зи гъащIэр - щIэпхьаджагъэм, зыужьныгъэ гъуэгу тэмэмым тету кьыщдекIуэныну хуэмейхэм, цIыхухэр зыхэкIуадэ зэрыльэзэрийхэр кьэзыгъэкъуэн ебэныным щIэзэтагъэр. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ебэныным адэкIи пытщэнущ, ди лэжьыгъэ хэкIуадэхэм я фэеплъым хуэфащэу дыщытыну ди кьалэнщ.

ЗэщIэгъэуIуауэ ягъэкIащ щIэпхьаджагъэм ебэныныкIэ Iэнатlэр кьызэрагъэпэщыр кьыкIуэ ильэс 20-м кьыдыщIу «Э» центрым и лэжьакIуэу 459-рэ хэкIуэдащ. Абыхэм ящIыщу 26-р «Урысейм и ЛIыхьужь» хуащ, 22-м а щIэ льапIэр фIащащ дунейм ехыжа мизмэм ебэныныкIэ и центрым и лэжьакIуэхэм и анэм УФ-м и МВД-м и унафэщIхэм зыкьызэрыщIагъакъуэм, я гуапагъэм папщIэ пщIэ яхуищащ.

- Дэ тщыщ дэтхэнэми игъащIэкIэ игу кьэкьынтэкьым ди льахэ телыджэм апхуэдэ гуауэ кьыщыхьэну. Дэ кьытлыса гуауэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и зы унагъуи зи лъремыIэс.

- Дэ тщыгъупщэнукъым Урысейм и сэбэн зыхэлъхэр яхьэмуэ зи псэр зытахэр. Жэпуэгъуэм и 13-р зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхьэмэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я фэеплъ махуэу игъэувыну КъБР-м щыIэ МВД-м кьыхилъхьа жэрдэмкIэ республикэм и Президент Кьанокьуэ Арсен кьыддиIыгъащ, - жIаIащ Томчак Юрий.

Милицэм и лэжьакIуэхэр иужьрей илъэсхэм ерыщу япэщIэтщ террористхэм икIи хэщIыныгъэхэр диIэщ. 2009 гъэр кьызэзыхьэрэ къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ Iэнатlэм и лэжьакIуэу 3 хэкIуэдащ.

Апхуэдэу кьыщэхуэсахэм я пащхьэ кьыщыпсэльащ УФ-м и МВД-м и Къэрал Iуэхущlапlэу ЮФО-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ, милицэм и генерал-майор Карасев Ю., «Э» центрым и унафэщI, милицэм и полковник Гитинов Р. сымэ.

ХэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

ЛIЫГЪУР Ахьмэ д.

КIУЭКIУЭ Юрий:

Экстремизмэм зэрыпэщIэтым хэлъ щыщIэныгъэхэр

УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министр, армэм и генерал Нургалиев Рашид пшэрыдь къыщIыщIауэ Урысей МВД-м Экстремизмэм ебэныныкIэ и департаментым и унафэщI, милицэм и генерал-лейтенант КIуэкIуэ Юрий Надышык щригъэкIуэжьащ КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмэм ебэныныкIэ ильэс ныкъуэм къриКIуахэм щыхэпIэжьа къэрал Iуэхущlапlэм и лэжьыгъэм.

АБы щIидзэрэ и пэкьуэу къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ милицэм и генерал-лейтенант Томчак Юрий кьыхилъхьэри, кьыззэхуэсаор бадзэуэгъуэм и 15-м щIэпхьаджагъэхэм яIэщIэкIуэда КъБР-м щыIэ МВД-м и «Э» центрым и операционнэ полномочиитэ милицэм и майор Нэгъуей Мурат и фэеплъым пщIэ хуащащ.

- Мы къэхъуар ЛъэжьыншIэу къэнэнкIэ Iэмал иIэкьым. Лейзехьэхэр икIэщIыпIэкIэ кьыщIэхъащIэ хуеящ, - жIаIащ КIуэкIуэ Юрий. Апхуэдэуи кьыхигъащащ аргуэру гуауэр зыльэIэса унагъуэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъэкъуэну. Нэгъабэ щIэпхьаджащIэкъм яIэщIэкIуэда КъБР-м щыIэ МВД-м и «Э» центрым и унафэщIым, ЮФО-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ, милицэм и генерал-майор Карасев Ю., «Э» центрым и унафэщI, милицэм и полковник Гитинов Р. сымэ.

ХэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

АБы щIидзэрэ ди пэкьуэу къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ милицэм и генерал-лейтенант Томчак Юрий кьыхилъхьэри, кьыззэхуэсаор бадзэуэгъуэм и 15-м щIэпхьаджащIэхэм яIэщIэкIуэда КъБР-м щыIэ МВД-м и «Э» центрым и операционнэ полномочиитэ милицэм и майор Нэгъуей Мурат и фэеплъым пщIэ хуащащ.

- Мы къэхъуар ЛъэжьыншIэу къэнэнкIэ Iэмал иIэкьым. Лейзехьэхэр икIэщIыпIэкIэ кьыщIэхъащIэ хуеящ, - жIаIащ КIуэкIуэ Юрий. Апхуэдэуи кьыхигъащащ аргуэру гуауэр зыльэIэса унагъуэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъэкъуэну. Нэгъабэ щIэпхьаджащIэкъм яIэщIэкIуэда КъБР-м щыIэ МВД-м и «Э» центрым и унафэщIым, ЮФО-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ, милицэм и генерал-майор Карасев Ю., «Э» центрым и унафэщI, милицэм и полковник Гитинов Р. сымэ.

ХэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

- Э-э центрым и унафэщIхэр къэпсэлъэн и пэкIэ КIуэкIуэ Юрий кьыхилъхьащ щыIэ гугъуехьхэм нэхъ трагъэщIыну. - Сыхуейт зэхэсхыну Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр зэраунэтIым, зэфIагъэкIахэмрэ

Бахъсэн дэт еджапІэм

«Ямэ зыщІам тІу нщІащ» жызыІа усакІуэщхуэм ямыщІэ жІащкъым. Лъагъуэ пхышыныр Іэджэкіэ нэхъ гугъущ ар

ГъуэгуфІыкІыр Алий Хиша лъагъуэращ Щоджэнщыкіу Алий

дэ гъуэгушхуэ тхуэхъуаУ дызытетыр, фЫ къыдэкъуІэмэ, ди гум щыхэщІа къэхъуамэ, ди ямэ ящам дыкІэлъапІащІэ, нэхъ тегушхуэяи докІуэ, сыту жыпІэмэ гъуэгур мытынщи, дощІэ, щыхупІэ нІэми, пэрытым игъэунэхуащ.

АЛИЙ И УСАКІУЭ вагъуэр уафэ кьабзэкъым къыщыщІэкІар. Дунейр кІэтэпшагъэ къудей мыхьуу, уафэ лъащІэр зэщІэуфІыцІа зэпытту, уафэхъуэпскІыр жэщкІи махуэкІи къыхэлъэтыкІмэ, дунейр зэІыхьэнчыщ жыпІэу укъыхигъэщтыкІыу щытащ. Ардыдэм дунейр тет зэпытурэ, Щоджэнщыкіу Алий и гъащІэр нухащ. Иджы усакІуэр щыпсэуа лъэхэнэмэрэ и поэзиемрэ зэхуэпхымэ, дэтхэнэ зы усэми зэман гуащІэм и нагъыщэ тельщ.

Зэман къэд блэкІащ Алий ямэ дыдэ сыщыхэзэа лъандэрэ, ауэ а лъэхъэнэм хэкум кудыщэ къыщыхъуащи, зыщыбгъэгъупщэну ухуежьакъым, пхуэзфІэкІынкъым. Сэ зи гугъу сщІыпІэр Щоджэнщыкіу Алий дэсщІэу щытараш.

Адыгэбзэкіэ дезыгъаджэм дыпэпІэчыу классым дыздыщІэсым, нэгъуэщІ егъэджакІуэ къыщыхьхьэри ди пащхьэм щыуващ:

- Нобэ Ибрэхим къэкІуэнукъым, фезыгъэджэнчу сэращ. Зи гугъу тщІынчу къэбжэтэ гъэтІысынщ, ар къызэрагъэкІыр зэдгъэщІэну аращ, - жиІэри. Агроном егъэджакІуэм арыншами дыззреджэр «къэбжэтэ лъабжьэ», Лыигъур Ибрэхим къыщІэмыкІуам дыщІэмыпущІэу учебникыр дгъэпщкІужри доскам кьритхэр теттхыкІыжурэ урокыр екІуэкІащ. Иужьым хъыбар мыфэмыщи къэсащ адыгэбзэкІэ демыджэжьыхэну. Сыт щхьэкІэ? Дезыгъэджэн щыІэжькъым. Ибрэхим къыщыщІаІа? КъыщыщІагъэнщ...

Хъыбарыр сэ нэхъ си жагъуэ хъуащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ си адэр къыскІэтыкІуэмэ, Іэмал имыІэу Ибрэхим зыхуигъазэри, зэпсалъэрт. Сэри къызурыдуат а тІур куэд лъандэрэ зэрызэрыщІыхур, уеблэмэ зэгуэр суэрттехым дыкІуэри щымы суэрт зытредгъэхат. Езы Ибрэхімми нэлейкІэ къызэпІэ си гугъат ди адэм и хъэтыркІэ.

- Си щхьэмытІыр егутъурэ? - жиІэри си адэр Лыигъурым еупщІати, Ибрэхим си гуапэ ищІыІэт:

- Акъыл натІэщ, Пщымахуэ. Тхьэм гъащІэ кърит, гурыхуэ щыкІыщ, - жиІэри. Ар сэри щытхъу схуэхъури, си гум кьинащ.

ЕгъэджакІуэр етІуанэ махуэми къэкІуакъым. Къуажэм къыщыхъур ди деж къэмысу къанэрэткъым. Дэ къыддеджэм ящыщу щІалэ щыкІу гуэр интернатым щІалэжьыну щыхучъжьэм, я къуажэгъу нэхъ инхэм ящыщу щыІэти, еджакІуэ щыкІур окрисполкомым тет Щыкуэ ТІутІ дежи ишащ. Езы ТІутІ жыхуэпІэр ІІы пхъашэт, власткІэ къыщыхьыжьым адыгэ шуудзэм командиру яхэтат. ЩІадзыжьинкІэ гуэзвар дзыхь имыщІу кабинетым щІыхьэрэ епІлъыхьу уваш, жиІэну къыщІэжьІуар хужьмыІэу. ЩІалэ щыкІур интернат фащэкІэ хуэпаУ щиІъагъум, окрисполкомым тетыр къыбгъэдыхьэри къедрэхщІащ:

- Сыт укъыщІэкІуар, тІыкІуэ?

Мыдрейм кьыхуэдэшІеркъым, и гур къыІэрэзэІнащи, и щхьэр къымыІэту щысщІ магъри. Ерагъыу уэдэжьа нэужь:

- Интернатым сыщІадзыжати, сыкъэкІуащ, - жиІэри нэхъыбэ хуэзэфІэкІакъым.

- Ар сыт щхьэкІэ?

- Уэркъым укъыхэкІащ жаІэ.

ТІуні Кьэбэрдеим пщырэ уэркъыу имыщІыкІ истэкъым, дэнэ къуажэ дапщэ дэсми, и щэр кьыхуигъбжэкІынути, щІалэ щІалэм къеуогъ щІащ:

- Хэт урей? ЖыІэт фи унэцІэр. - Модрейри щынэщІауэ, зиущыу мэкІэзыз, си унэцІэр жесІэмэ, "мыбы сыщІидзынщ, жьыхуІну. И щхьэр фІэхунуэр ерагъыу зэхэпхы жеІэ:

- Щыдхэ.

- Уэлэхьи, щыд эркъытэм иджы сымыльагъужар. Уэркъ хэкум исыкъ? Соловки дгъэкІуащ къэна зырызыр. КІуэжи, еджэ адэ. Сэ сепсэлъэнщ фІ Іэтащ1ъэм.

Ти, щІалэ щыкІур гуфІэу къэкІуэжащ.

Махуэ гуэрым дежурнэнкІэ сэ кьыслъыкІри псышІэ сыкІуэн хуей хъащ, щыІэжьауэгум бошкІэ иту, пщІэгъуатэжь гуэри щІэщІауэ - арат псышІэ дызэрыкІуэр. Псыр кьызэдитуди хабзэр Кушмэзыкъуей кьуажэм дэту кьежьох псыІэрыпшэрат. Си бошкІэм псы из сщІыри кьэзгъэзэжмэ, кьуажэбгъум дежи гу кьом кьэувыІауэ зэхэтщІ, кІийр кІийуэ, гъыр гъыуэ. ФызэщІэ макІуэ жьыпІэнчущІ, щыхубзри сабийри зэщІогъуагъэ, хьэдагъэ макІуэ жьыпІэнчущІ, гу кьэс сабий исщ, шу ябгэ гуэрхэми я щхьэр бащІыькъ хужькІэ фІэпхыкІауэ я щІопщыр ягъэдалъэу мэкІимэгуо. А кьомым сабІэкІэ дзыхь сымыщІыу сызІэщІыпхм, зы шу кьызбгъэщІотхадэ:

- Уэ уэлэ езыр? - щум гу кьыльытащ си фащэм, мо зэхуэсэ кьомым сазэрыщІымыщІыр кьищІа хъунти: - ЗыІуэгъэх, тІыс.э, уэ мыбдеж дежьи щыпщІэн щыІэжьым, - щІыжиІэм, Іэнкнунрэ сыкъежьжащ. Лыигъур Ибрэхим си гум кьэкІыжри, «пыІ» гъуабжэ тІыпфэр» здагъэкІуам ягъакІуэ» жьыСІэри сыкьэгуэзващ. Арат абы дыззреджэр. ПсынщІэІуэу интернатым сынэсыжащІэрэт, жьыСІэу алащэм сыкьеуэу кьыщыщІэзэжьым, зэщІэгъуагъэ кьомым ящыщ гуэрхэр къуджащ, си бошкІэм псы кьриутхыкІыу фызхэм щаугъаурэм: «А тІыкІуэ, а зи уз кІуэдын, псы тІэкІу мыгъуэ дегъафэт». КьэзгъэувыІэщ сишри, бошкІэм сыкьелъэри, кьыІэзэІуэ фызым и щеІныгъым псы хуиІэтъыІадэу щалъагъуэм, нэгъуэщІэхэр кьэсаш; щІыІэм игъэдыкІауэ щІалэ щІыкІуи, фызы, хьыджжэбз щІыкІуи. БошкІэм Іуукіа пхъэцІыбыр кьыІуСчри псыр кьриутхыкІыуэрэ кхъуэщІынем ирезгъэгъахьуэу сыздэщІытым, кьызбгъэдыхьауэ щыта щыр аргуэру щІопщкІэ си щІыбыр кьызэпІэхулыкІыу кьыІэзэуащ:

- Іукі мыбдеж бжесІакъэ? СогъэнщІ, уэри узмыгъакІуэм жьыгъэ здэкІуэм! - жиІэри.

